

MARJORY STONEMAN DOUGLAS HIGH SCHOOL

FON POU VIKTIM-YO

POTOKÒL FINAL

27 Avril, 2018

Atak 14 Fevriye nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School te yon zak atwosite ki te devaste kominote-nou epi boulvèse tout peyi-a. An reyakson kont malè san non sa te gen yon demonstrasyon konpasyon, rezilyans, sipò ak jenewozite ke moun atravè peyi nou epi moun de kat kwen lemond te mannifeste. Zak jantiyès ak byenfezans, piti oswa gwo, se limyè espwa ki fè kontras ak tenèb ki te tonbe sou nou.

Yon Fon kreye èd pou viktим fiziyad ki te pase nan lekòl Marjory Stoneman Douglas. Pandan plis pase sis minit angwasan epi orib, yon moun ak zam nan men l pran kontwòl epi teworize tout yon lekòl. Pou nou geri de santiman nou te viktим, nou dwe fè ansòt nou reprann kontwòl epi aji selon aspirasyon pwofon ki pouse n akonpli yon *bagay*. Moun tout klas sosyal chwazi onnore memwa moun ki te tiye, admire kouraj ak detèminasyon envensib kay sivivan-yo, kifè yo kontribye epi bay lajan opwofi viktим-yo. Nou-menm, nan Komite direksyon (Steering Committee) pou Fon èd sa, gen yon obligasyon serye onnore entansyon byenfezans chak donatè. Jesyon fon èd pou viktим dwe reflete jistis, transparans, sантre sou viktим, epi enfòme sou chòk ak twoma.

Pèsonn pa ka fè revandikasyon legal oswa gen dwa sou fon èd pou viktим. Se yon kado, yon gwo zak jennewozite endividé ak òganizasyon fè. Wòl Komite direksyon se jere fon sa yo, yon fason ekitab ki va bennefisyé dirèkteman viktим-yo, nan kad disponibilite lòt sèvis. Lajès piblik-la enspire nou asiste otan moun nou kapab ede, touotan nou kapab fè sa, byenke nou konsyan de restriksyon ak limit nou. Sa fè nou mal.

Nou pa ka rezoud tout pwoblèm ki soulve alaswit evènman trajik sa. Tout lajan lemond ta bay pa ka ni fè moun ki mouri resisté, ni pa ka fè sivivan-yo efase de memwa-yo sa yo te temwen epi bliye soufrans yo andire. Nou rekonnèt plan an pa byen adapte pou adrese bezwen alontèm oswa pou konsidere pwoblèm domajman ak blesi ki deklare byen lontan apre peryòd aplikasyon tèmine. Men Fon sa a pa izole; se senpleman yon pati nan divès swen ki founi de fason kontini kòm repons a atwosite sa. Asistans imeda te disponibl grasa pwogram konpansasyon pou viktим krim, Leta Florid kreye, epitou grasa anpil sit Entènèt ki ofri finansman patisipatif. Asistans alontèm gouvènmantal ak kominotè va disponibl, byenke sa ka pran 18-24 mwa pou asistans-la vin disponibl. Fon an ofri èd ak asistans a mwayen tèm, kòm yon solisyon tanporè.

Kado Fon sa ofri diferan opwenndvi kalitatif de tout lòt pwojè ak inisyativ ki ofri sekou ak asistans. Kado-sa-yo pa baze sou pèt ekonomik oswa depans ki déjà efektye. Biwo konpansasyon pou viktим Leta Florid (*Florida Crime Victim Compensation Bureau*) kapab ranbouse pèt sa-yo, epi n ap chache rete apa pou evite nou mele ak lòt bennefis ki déjà egziste.

Kado sa-yo se pou tout viktим; yap resevwa kado-yo san okenn restriksyon; viktим-yo ka itilize kado pa-yo jan yo vle. Nou kwè viktим ak sivivan-yo mye plase pou detèmine ki sa yo ka fè ak kado-yo epi kijan sa va fasilité gerizon-yo. Nou kwè tou lè nou bay viktим yo mwayen pou yo deside de yo-menm se yon lòt fason ki va ede-yo reprann kontwòl yo te pèdi lò trajedi 14 Fevriye-an.

Nou pa konnen konbyen lajan nou pral kolekte, men nou pran angajman fèm 100% donasyon ki kolekte pou viktим-yo, nou va distribye tout donasyon bay viktим ak fanmi-yo. Te gen diskisyon pou konnen kilès ki kalifye kòm viktим. Nan domenn asistans pou viktим, tèm "viktим" ak "sivivan" preske entèchanjab, men anpil moun konprann mo "sivivan" kòm pi afimatif, pi aseptab. Yon viktим yon krim se yon moun ki te yon sib, oswa ki te dirèkteman afekte lè yon zak kriminèl te komèt. Chak moun ki te sou kanpis lekòl Stoneman Douglas omoman fiziyad-la yo kalifye l kòm yon viktим ensike paran, timoun, frè ak sè moun ki te mouri oswa blese. Menm moun-sa-yo, yo ka rele-yo sivivan, alesepsyon de 17 moun ki te asasine.

Siksè oswa echèk Fon an pap evalye an fonksyon lajan ki kolekte, men pito selon si fon-yo distribye yon fason ekitab epi ak transparans, epitou annakò ak entansyon byenfezans donatè yo. Chak moun va resevwa avantaj bennefis monetè. Men sa ki

pi avantage ke resevwa lajan ki sètennman va ede —san konsiderasyon si se te yon donasyon yon gwo sosyete te fè, oswa se te resèt lavaj oto, vant patisri, ak vant sitwonnad —se satisfaksyon konnen plizyè milye moun te fè donasyon paske yo sousye yo de kominote MSD epi senpleman yo vle ede.

Sa ki vin apre nan lèt-la se yon Potokòl Final, ki va rejì kondisyon elijibilité pou bennefis ak distribisyón kado. Kòmantè ak fidbak nou resevwa nan men piblik-la diran twa reyinyon louvri pou piblik-la (Town Hall meetings) ak kòmantè alekri nou resevwa de elèv, pwofesè, paran ak manm kominote-a gide nou nan redaksyon Potokòl sa. Nou rekonesan paske *National Compassion Fund* (Fon Nasyonal pou Konpasyon) ban-nou konsèy ak soutyen epi ofri esperyans-yo nan jesyon fon pou èd la, alaswit ensidan kote krim lakòz anpil moun blese, mouri.

Ak yon kominote osi enpòtan epi divès, nou pap bay tèt nou manti lè nou afime nou ka pwodi yon potokòl ki va satisfè tout moun. Sepandan, nou ka konfime nou egzamine ak anpil atansyon, fidbak, sijesyon ak kòmantè nou te resevwa nan men piblik-la epi nou te gade tout videoyo ki te soumèt a atansyon nou. Nou te konsidere kèk sijesyon tankou itilizasyon fon-yo pou demolisyón bildin 1200, konstriksyon yon moniman komemoratif, amelyorasyon sekirite nan lekòl-yo, men finalman nou te rejte sijesyon sa-yo paske yo depase objektif deklare fon èd-la. Lòt sijesyon tankou evalye chòk ak twoma baze sou si yon moun te toupre tirè a ak tankou yvolans yon moun te espoze, te fè sans, men finalman, nou te konsidere sijesyon sa pa reyalizab paske komite sa pa ka obtensi de ajans ranfòsman lalwa, yon lis kote chak moun te ye omoman fiziyad-la. Diplis, nou ta dwe kapab verifye lis la ak non chak moun, san patipri.

Nou modifye epi fè chanjman nan potokòl-la selon kòmantè nou te resevwa. Nou note diran lòt fiziyad ki enplike anpil moun, yo toujou mande viktim-yo pa retounen sou sèn krim-la kote yo te fè yon esperyans twomatik. Men nan sikontans sa, nou remake sòf nan ka yon pwofesè oswa yon elèv ki vle separe I volontèman de zanmi li, kominote ak sistèm sipò ki disponnib, nou mande elèv, pwofesè ak anplwaye retounen nan menm lekòl sa pou peryòd ki ka dire kèleke mwa a plizyè anne. Nou admèt tout moun afekte kit yo chèche aktivman swen sante mantal oswa obtensi tretman swen sante mantal. Tout moun ki elijib ki vle jwenn avantaj bennefis dwe aplike. Nou swete nou pwodi yon potokòl ki va satisfè tout moun. Entansyon nou se kreye yon potokòl ki va pèmèt otorize sèvis ak èd konsiderab anpil moun va bennefisyé.

Terè vizite kominote nou le 14 Fevriye, se pat yon ennemi etranje, lwen de rivaj nou, ki te komèt krim la; men terè a soti nan kominote nou. Men nan mitan kominote nou, pi enpòtan gen yon solidarite ki devlope epi reyaksyon-an te plen konpasyon: volonte asiste epi ede viktim ak sivivan atak sa. Efò sa va bay kominote a opòtinite geri epi epanwi ansanm ak viktim epi sivivan.

Sensèman,

Senator George S. LeMieux
Chairman

Potokòl sa va sèvi kòm Potokòl final pou Distribisyón. Potokòl-la va rejì Fon èd pou viktim *Marjory Stoneman Douglas High School Victims' Fund* (Fon - "Fund"). Se Administratè ki te devlope I epi yo te enkòpore fidbak ak sijesyon Komite direksyon lokal, *Marjory Stoneman Douglas Victim Fund Local Steering Committee* (Komite - "The Committee"), fondasyon, Broward Education Foundation, *National Center for Victims of Crime/National Compassion Fund*, Kominote Sid Florid, epi piblik-la an jeneral; administratè-yo enkli fidbak, sijesyon ak kòmantè moun ki te prezan nan reyinyon meri (Town Hall) ki te fèt le 10 avril, 2018 ak yon lòt reyinyon ki te fèt le 17 avril, 2018.

Tout aspè Potokòl-la, enkli, san limitasyon, klasifikasyon demandè, kritè pou distribisyón (pataj), pwosedi pou reklamasyon, kalandriye, ak peman final ki va debouse, kapab revize, selon diskresyon Administratè-yo.

Fon an (Fund) te kreye grasa jenewozite biznis, fondasyon, epi donatè endividyle. Yo va itilize Fon èd pou asiste fanmi viktim ki te mouri, viktim ki te donmaje nan kò, epi viktim ki fè esperyans twoma/chòk sikolojik lè yo te preznan fizikman sou kanpis lekòl Marjory Stoneman Douglas High School, nan vil Parkland, Florid, le 14 Fevriye, 2018 diran atak nan lekòl MSD (the “MSD Attack”). Fondasyon, *Broward Education Foundation*, se yon 501(c)(3) òganizasyon san bi likratif, nimewo ID taks federal # 59-2359433 ak # Rejistrasyon nan Leta Florid CH49396. Fon nasyonnal pou konpassyon, ann angle *National Compassion Fund*, se yon pwojè afilye ak Sant nasyonnal pou viktim krim (*National Center for Victims of Crime*), yon òganizasyon 501(c)(3) san bi likratif, nimewo ID taks federal #30-0022798 ak nimewo rejistrasyon nan Leta Florid, #CH21962.

Nou va debouse lajan Fon an pou viktim-yo selon yon pataj epitou selon gravite blesi viktim-yo sibi alaswit atak nan lekòl MSD.¹

Klasifikasyon pou distribisyon (pataj) esplike anba a:

KATEGORI APLIKAN KI ELIJIB

A. Bennefis nan ka lanmò

Aplikan ki elijib, ki admisib pou ranpli yon aplikasyon pou viktim ki te mouri alaswit Atak nan lekòl MSD va resevwa peman maksimòm nan kad Potokòl sa. Yon desizyon final pou peman va pran apre nou resevwa tout done anrapò ak chak ka; nou konsidere tout kòmantè ki mansyone anwo a nan priz desizyon-an.

B. Bennefis nan ka donmaj nan kò, blesi a se yon blesi pa bal

Aplikan ki elijib se sila ki jou 14 fevriye, 2018, te sibi yon domaj fizik (nan kò) paske yo te resevwa yon blesi pa bal (moun ki te blese lèjèman ak yon bal ladann tou) va resevwa peman selon direktiv Potokòl sa.

C. Bennefis pou moun ki te preznan fizikman nan bildin 1200, men ki pat resevwa yon bal e ki pat blese

Aplikan ki elijib ki te preznan fizikman nan bildin 1200 omoman Atak nan lekòl MSD, men ki pa resevwa yon bal e ki pat blese, va resevwa yon peman, selon direktiv Potokòl Final-sa. Prèv elèv ak moun ki te preznan fizikman va baze sou fich prezans jou sa.

D. Benefis pou moun ki te preznan sou kanpis lekòl MSD, ki pat andedan bildin 1200 epi ki pat resevwa yon bal e ki pat blese

Aplikan ki elijib ki te preznan fizikman sou kanpis lekòl MSD omoman fiziyad-la, malgre yo pat preznan nan bildin 1200, epi yo pat resevwa yon bal e pat blese, va resevwa yon peman selon direktiv Potokòl Final sa.

Prèv elèv ak moun ki te preznan fizikman va baze sou fich prezans jou sa.

¹ Desizyon pou montan chak aplikan ki elijib va resevwa, va depann de: (1) balans ki nan Fon an rive dat 30 Jen, 2018; (2) nouvo mizajou done konsènan tip blesi ak kantite donnaj fizik (nan kò) epi kantite moun ki te preznan fizikman sou kanpis lekòl Marjory Stoneman Douglas High School; (3) fini ak revizyon tout aplikasyon ki te soumet; (4) revizyon ak apwobasyon Administratè-yo.

PWOESİS AK PWOESİ

Aplikan ki elijib dwe ranpli yon demand aplikasyon pou bennefis pou yo ka resevwa yon peman nan men Fon an. Aplikasyon-an va bay opòtinite espesifye si yap chache jwenn bennefis pou Viktim ki Mouri, si yap ranpli yon aplikasyon pou jwenn bennefis paske yo gen yon domajman, blesi a se yon blesi pa bal ak/oswa si yap ranpli yon aplikasyon paske yo te Prezan fizikman sou kampis lekòl Marjory Stoneman Douglas diran atak-la. Chak aplikan ki elijib dwe soumèt yon sèl aplikasyon pou jwenn bennefis.

Men pwosesis ak pwosedi pou egzamine aplikasyon ki elijib:

- A.** Sant nasyonal pou viktim krim/Fon nasyonal pou konpassyon (*National Center for Victims of Crime/National Compassion Fund*) ak fondasyon, Broward Education Foundation, va jere Fon an.

Yon lyen pou soumèt anliy yon aplikasyon pou benefis ("Aplikasyon") ak dokiman Potokòl Final-la va disponib pou tout moun konni e potansyèl ki te founi dosye enfòmasyon-yo bòkote fondasyon, *Broward Education Foundation*, oswa ki te voye pa lapòs Etazini ak/oswa imel, enfòmasyon-yo bay Fon, *National Compassion Fund* ("NCF"). Potokòl final-la ak enfòmasyon konsènan pwosedi verifikasyon aplikasyon va disponib sou sitweb nationalcompassionfund.org apati Premye Me, 2018. Reprezantan Fon èd, *National Compassion Fund* ak Gwoop *Angeion Group* (kolektivman, "Fund Administrators" - Administratè Fon an) va jere epi fè verifikasyon tout aplikasyon. **Soumèt yon sèl Aplikasyon pou chak viktim, oswa onon chak viktim.** Aplikasyon dwe konplete epi soumèt anvan 31 Me, 2018. Administratè Fon an dwe resevwa chak aplikasyon (akonpaye ak tout pyès jistifikatif ki ekzijib e ki eslike an detay sou Aplikasyon-an). Si ou gen kesyon oswa bezwen asistans pou ranpli Aplikasyon-an, voye yon imel, nan adrès elektwonnik MSDFund@ncvc.org oswa rele nimewo 855-4VICTIM (855-484-2846).

- B.** Ou va jwenn aksè nan Sistèm Aplikasyon anliy (Online Application System) sou sitweb www.NationalCompassionFund.org. Nou envite tout aplikan ki pa gen koneksyon Entènèt, rele nimewo gratis Sèvis asistans, nimewo a se 855-4VICTIM (855-484-2846). Pale ak yon reprezantan ki va konseye w sou lòt aplikasyon altènatif ou ka ranpli.

- C.** Sizoka yon aplikan ta soumèt yon Aplikasyon enkonplèt oswa ensifizan (*egzanp*, aplikan-an pa founi tout dokiman ki nesesè oswa pa toutafè ranpli Aplikasyon-an), yon reprezantan de ofis Administratè Fon an va travay ak aplikan an nan yon efò pou rektifye sa ki manke nan dosye-a.

- D.** Nou va kòmanse debouse epi fè peman-yo touswit apre delè pou soumèt kontribisyon ak donasyon epi apre revizyon final epi apre desizyon final sou tout Aplikasyon ki elijib ke Administratè Fon an verifye. Administratè Fon an va soumèt desizyon final sou peman bòkote Komite direksyon pou rekòmandasyon ak soumisyon dokiman e Komite a va voye yo bay fondasyon, *Broward Education Foundation*, pou apwobasyon transfè peman, swa pa chèk oswa transfè elektwonnik a yon bank, pou chak aplikan ki elijib. Sizoka nou ta resevwa ase donasyon apre desizyon final sou peman, aplikan ki elijib ka resevwa yon pòsyon peman lò pataj sipleman donasyon.

- E.** Aplikasyon ki ranpli pou yon viktim ki mouri va ekzije mari oswa madam oswa patnè legal siyen fòm-la si moun ki mouri an te marye omoman lanmò a, epi aplikasyon an dwe enkli enfòmasyon konsènan moun sa yo (ekzanp, mari oswa madam, timoun, paran, frè ak sè) ki ka elijib pou resevwa konpansasyon selon lwa siksesyon lokal, baze sou domisil viktim ki mouri a. Nan ka viktim-la pat marye, reprezantan pèsonnèl ki otorize legalman jere Patrimwan-la (Estate) dwe soumèt yon Aplikasyon. Si moun ki mouri a pat fè yon testaman (Will), reprezantan pèsonnèl-la dwe prepare epi pwopoze yon plan distribisyon (pataj) fon-yo pami eritye ak benefisyè legal. Nou va distribye Plan ki pwopoze a bay eritye ak benefisyè legal, yo chak dwe bay konsantman yo pou plan pataj ki pwopoze. Si eritye ak

bennefisyè legal pa dakò sou kilès ki va sèvi kòm reprezantan pèsonnèl, oswa yo pa dakò sou distribisyon (pataj) ki pwopoze, aplikan-yo dwe obteni yon otorizasyon legal nan men Tribunal siksesyon (Probate Court) ki gen jiridiksyon pou detèminen kilès ki responsab legalman epi ki elijib pou ranpli aplikasyon pou yon reklamasyon (Claim). Nan ka-sa-yo, Administratè Fon an va rekòmande ke fondasyon *Broward Education Foundation* depoze fon ki afekte nan tribunal, *Probate Court* ki gen jiridiksyon, mande depo a va fèt sou yon kont anbank separe, epi pataje montan an sèlman lè gen yon rezolisyon ki pran konfòmeman ak yon òdonnans valid tribunal-la.

F. Pou aplikasyon konsènan yon minè, Aplikasyon-an va mande konsantman yon paran oswa gadyen (guardian). Pou aplikasyon konsènan adilt ki gen yon enkapasite, Aplikasyon-an va mande prèv reprezantan-an ka aji onon adilt-la, bay prèv tankou manda valid (power-of-attorney), titèl legal (guardianship), deziyasyon yon responsab legal (guardian) oswa yon avoka *ad litem*.

G. Yon Aplikasyon ki ranpli pou yon domaj ki rive alaswit yon blesi pa bal, aplikan-an dwe enkli yon otorizasyon pou kominike enfòmasyon medikal, ki ateste: (i) dat moun-la te entène lopital, (ii) dat egzeyat (discharge) aktyèl oswa ki te prevwa, ak (iii) tip blesi-a epi ateste moun-la te blese akòz atak nan lekòl MSD.

I. Nan Aplikasyon pou Bennefis ki ranpli pou moun ki te prezan fizikman men yo pat resevwa okenn blesi pa bal, prezante prèv aplikan an te prezan fizikman sou kanpis lekòl Marjory Stoneman Douglas High School, attestasyon an dwe fèt selon fich prezans aktyèl jou sa swa le 14 Fevriye.

J. Konfòmeman ak Lwa sou transfè pou minè, *Florida Uniform Transfer to Minors Act*, pou fon ki depase \$10,000 yon bennefisyè anba laj 21 lane va resevwa, fon sila dwe depoze nan yon *trust* (fidisi) oswa nan yon *custodial account* (yon kont ki jere pa yon lòt moun ki deziye). Tousa va nan enterè elèv ki minè.

K. Elèv minè ki bennefisyè epi ki resevwa mwenske \$10,000, epi paran-yo pa marye, toude paran-yo dwe dakò sou ki kont lajan-an dwe depoze. Si paran-yo pa ka antann yo, Administratè a, selon diskresyon-li, ka di ki kote lajan an ka depoze. Tousa nan enterè bennefisyè a (elèv minè); lajan an dwe itilize pou bennefis elèv ki minè a.

L. Fon èd pa ka bay endividé ki resevwa peman an nan men Fon an okenn konsèy sou peman taks. Administratè Fon an rekòmande al konsilte konseye fiskal-ou (tax advisor) pou tout keksyon konsènan obligasyon fiskal pou peman ou resevwa.

M. Yon sosyete odit endepandan va fè odit liv kontablite Fon èd pou viktim atak nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School apre 15 out, 2018. Nou va mete aladispozisyon tout aplikan-yo, donatè, ak piblik-la anjeneral rezulta odit-la, ansanm ak Rapò final ke Administratè fon an jere.

PWOGRAM ÈD DIRÈK A KOMINOTE A (OUTREACH)

A. *National Compassion Fund* (Fon nasyonnal konpasyon) va ofri viktim Atak lekòl MSD divès sèvis tankou rele yo nan telefòn, kontakte yo pa lapòs, kontakte yo an pèsonn, ak kontakte yo selon divès mwayen elektwonnik pou bay viktim-yo enfòmasyon sou pwoesi aplikasyon-an, reponn keksyon yo ki gen rapò ak aplikasyon-an, pou asiste viktim-yo rektifye sa ki manke nan dosye Aplikasyon-yo, epi kolabore ak tout moun ki elijib e ki vle soumèt yon Aplikasyon kapab fè sa anvan 31 Me, 2018, dat limit pou ranpli yon aplikasyon. Men *National Compassion Fund* pa garanti nou va kontakte tout moun ki ka elijib, ni li pa garanti non moun ki kominike ak *National Compassion Fund* enkli nan Potokòl-la. Se responsabilite moun ki elijib pou li ranpli yon Aplikasyon epitou fè sèten li ranpli Aplikasyon-an atan epi nou resevwa l nan delè ki prevwa.

B. Administratè Fon an (Fund Administrators), te òganize twa reyinyon piblik, de reyinyon te fèt le Madi, 10 Avril, 2018 nan Rick Case Arena sou kanpis inivèsite Nova Southeastern University nan vil Ft. Lauderdale, Florida,

epi yon lòt le 17 Avril, 2018 nan Coral Springs Performing Arts Center. Bi reyinyon-an se te pou esplike kontni pwojè Potokòl ak pwosedи soumisyon dokiman pou fè reklamasyon (claims), epitou envite demandè potansyèl ak publik-la anjeneral fè sijesyon ak kòmantè. Lè n ap finalize dokiman Potokòl-la, nou va pran an konsiderasyon epi egzamine tout enfòmasyon ki te kolekte apati reyinyon ak diferan gwoup sa-yo, enfòmasyon ki kolekte nan divès komunikasyon, ak nan korespondans ant Administratè Fon an epi pati ki konsèn.

C. Yon fwa dokiman-an finalize, nou va distribye Potokòl Final-la ak enfòmasyon ki nesesè pou ranpli aplikasyon an bay tout viktim konni e ki anrejistre, menm ransèyman-yo ap disponnib sou sitweb NationalCompassionFund.org apati Premye Me, 2018. Administratè Fon an va travay dirèkteman ak demandè-yo si yo mande sa. Sa va fasilite pwoesisis-la konsa tout reklamasyon va soumèt anvan delè 31 me.

D. Si yon demandè vle, li kapab mande fè yon randevou epi gen yon reyinyon fasafas ak Administratè Fon an. Tout verifikasyon reklamasyon-yo va fèt diran peryòd ant Premye Me epi 25 Jen, 2018. Tout aplikan ki mande reyinyon fasafas ak Administratè Fon an anvan verifikasyon aplikasyon konplete yap ba-yo yon randevou diran peryòd ant Premye Me ak Premye Jen, 2018. N ap fikse dat yon reyinyon nan lè ak kote, toude pati yo konvni. Nan plas yon reyinyon fasafas, demandè a kapab mande fè reyinyon-an nan telefòn. Pou mande yon reyinyon, tanpri voye demand-la nan imel, adrès elektwonnik, MSDFund@ncvc.org oswa rele nimewo telefòn (855) 4VICTIM (855 484-2846).

E. Tout Aplikan yo plase nan Kategori A ak B va resevwa asistans ak konsèy pou ede-yo ranpli aplikasyon yo epi soumèt tout pyès jistifikatif.

KALANDRIYE PWOPOME

- 30 Avril, 2018: Nou va distribye bay tout aplikan konni e potansyèl ki anrejistre sou sitweb Fon an, dokiman Potokòl Final ak enstriksyon pou ranpli Aplikasyon an. Dokiman-sa-yo va disponnib sou sitweb Fon an pou tout fanmi ak pati ki enterese.
- Premye Me – 31 Me, 2018: Aplikasyon ki konplete epi soumèt bay Administratè Fon an, ansanm ak tout dokiman epi pyès jistifikatif ki nesesè.
- 31 Me, 2018: Delè pou soumèt fòm pou Reklamasyon (Claim Forms).
- Premye Me – Premye Jen, 2018: Reyinyon an pèsonn ak Administratè Fon an, fini.
- 25 Jen – 3 Jiyè, 2018: Administratè Fon an revwa chak Aplikasyon epi fè rekòmandasyon pou debouse epi fè yon peman pou demandè ki elijib. Komite Direksyon va revwa dokiman-yo pou yon revizyon endependan epi apwobasyon.
- 16 Jiyè, 2018: Distribisyon peman pou demandè ki elijib e ki apwouve epi pwoesisis-la va fèt selon estati chak aplikasyon.
- Apre 15 Out, 2018: Yon sosyete va fè yon odit endependan.